

Sèvis Rekòmandasyon pou Fanmi yo ki gen timoun piti



oswa rele
207-287-3991

WIC Pwogram Nitrisyon (WIC)

WIC sèvi fanm ansent, fanm kap bay tete, ak timoun jiska laj 5 ane, enkli timoun ki nan swen adoptif. WIC se swen nitrisyon konplè epi li ofri bon jan kalite manje, edikasyon sou nitrisyon, sipò pou alètman ak rekòmandasyon pou lòt sèvis yo.



oswa rele
800-698-3624

Timoun ki gen Bezwen Swen Sante (CSHN)

Timoun ki gen bezwen swen sante spesyal yo travay avèk fanmi timoun ki gen bezwen spesyal yo anba laj 22 ane. CSHN ka gide fanmi ak òganizasyon yo nan jwenn resous pou pi byen adapte bezwen timoun yo. Anplwaye yo ka navige fanmi yo grasa sistèm medikal konplèks, konekte yo avèk swen ki pral pèmèt ou jwenn pi bon rezilta pasyan ke posib.



Plan Swen Sekirite (POSC)

Plan Swen Sekirite Maine te kreye ant yon founisè sèvis sosyal oswa swen sante, manman ak/oswa lòt moun kap bay swen yo, idantifye fòs ak bezwen fanmi an, resous ki benefik ak aksyon pou pi byen sipòte tibebe ak fanmi ki ekspozè nan sibstans. Yon Plan Swen Sekirite souvan enkli rekòmandasyon pou sèvis yo oswa bay enfòmasyon kontak pou fanmi yo pou pwòp swivi yo.



oswa rele
1-855-797-4357

Kouvèti Sante pou Maine

Kouvèti Sante pou Maine (CoverME.gov) bay enfòmasyon sou opsyon gratis ak asirans sante ki a bon mache pou fanmi Maine yo. Ou ka jwenn tou yon anyè òganizasyon lokal ki kapab ede w konprann opsyon kouvèti w ak ranpli yon aplikasyon.



oswa rele
877-770-8883

Sèvis Devlopman Timoun/ Entèkansyon Bonè

Sistèm Sèvis Devlopman Timoun/Entèkansyon Bonè se yon inite Edikasyon Entèmedyè ki bay toulède Entèkansyon bonè (nesans jiska dezan) ak Edikasyon Piblik Apwopriye Gratis (pou laj twa jiska senkan) anba sipèvizyon Depatman Edikasyon Maine.



Oswa rele
1-888-644-1130

Sistèm Rekòmandasyon Cradle ME

CradleME ede w konekte avèk bon jan kalite sèvis ki baze nan kay pou oumenm ak tibebe w gratis. CradleME se yon patenarya ant de pwogram yo: Enfimyè Sante Piblik ak Fanmi Maine yo.



Fanmi Maine yo

Fanmi Maine se yon rezo ekip kominotè nan tout eta kap sèvi bezwen fanm ansent ak paran ki gen tibebe ki fenk fèt yo. Vizitè a domisil atansyon ak pwofesyonèl yo ap fè patenarya avèk ou pou w gen aksè nan enfòmasyon ak resous yo ki kapab sipòte sante fizik ak emosyonèl tibebe w ak tout fanmi an.



oswa rele
1-888-644-1130

Enfimyè Sante Piblik (PHN)

Enfimyè Sante Piblik CDC Maine yo bay sèvis sante nan kay pou fanmi yo. Tout fanm anvan ak apre akouchman ak tout tibebe ki fenk fèt ak timoun piti yo jiska laj 12 mwa ka resevwa yon vizit nan men yon Enfimyè Sante Piblik. Si ou gen kesyon sou sante w oswa sante tibebe w, ou ka mande yon enfimyè a nenpòt kilè lè ou rele nimewo CradleME an.

Pou eskane kòd QR, souvan aplikasyon kamera ki sou aparèy ou an. Pwente l nan kòd QR ou vle eskane a. Chèche banyè notifikasyon anlètèt ekran an — klike l pou swiv sit entènèt la.

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egal.

